

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran hasil panalungtikan dina bab saméméhna, ieu panalungtikan téh dicindekkeun kana sababaraha hal saperti ébréh ieu di handap.

a. Adegan Paribasa Sunda

Paribasa Sunda téh miboga opat pola, tapi umumna miboga dua adegan nya éta adegan kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna. Paribasa kalimah sampurna diwangun ku jejer, caritaan, udagan, panglengkep, jeung katerangan, atawa anu miboga pola $J + C \pm U \pm Pang. \pm Kat.$ Contona saperti paribasa: *Adat kakurung ku iga.* Ari paribasa kalimah teu sampurna ngan diwangun ku caritaan, udagan, panglengkep, jeung katerangan, atawa anu miboga pola $C \pm U \pm Pang. \pm Kat.$ Contona saperti: *Maléngpéng pakél ku munding.*

b. Ma'na Paribasa Sunda

Paribasa Sunda bisa ditilik tina ma'na babandingan jeung ma'na maksud. Ma'na babandingan ngawengku babandingan murni (mialam, miawak, mibarang, milampah, misato, jeung mituwuhan) jeung babandingan campuran (mialam jeung miawak, mialam jeung mibarang, mialam jeung milampah, mialam jeung misato, mialam jeung mituwuhan, miawak jeung mibarang, miawak jeung milampah, miawak jeung misato, miawak jeung mituwuhan, mibarang jeung milampah, mibarang jeung misato, milampah jeung misato, sarta misato jeung mituwuhan). Ari ma'na maksud ngawengku paribasa piluangeun, paréntah, jeung pituah.

c. Papasingan paribasa Sunda di sakola.

Unsur psikolinguistik paribasa Sunda nyoko kana merenah dilarapkeun di sakola. Kapanggih 47 (25%) paribasa loyog keur siswa SD, 77 (40%) paribasa loyog keur siswa SMP, jeung 65 (35%) paribasa loyog keur siswa SMA. Kritériana utamana nya éta paribasa keur siswa SD wangun kalimah basajan, keur

siswa SMP wangunna kalimah jembar, jeung keur murid SMA wangunna kalimah rangkepan.

5.2 Saran

Panalungtikan ngeunaan paribasa Sunda nu diulik dumasar adegan, ma'na, jeung papasinganana téh moal boa héngkér jeung déét. Tangtu waé perlu aya panalungtikan séjén anu ngaguar struktur paribasa Sunda anu sumber datana mangrupa paribasa wangun frasa. Ieu hal perlu dilakukeun sangkan bisa ngajembaran deui ulikan struktur paribasa Sunda, pangpangna leuwih mere gambaran kahasan paribasa Sunda.

Patalina jeung ma'na, masarakat Sunda miboga paribasa nu dijerona nyampak ajén-inajén kahirupan. Ajén-inajén nu didadasaran ku pangalaman dina nyorang kahirupan, tangtu gedé mangpaatna salaku bahan picontoeun jeung pieunteungeun dina kahirupan. Ku hadirna KTSP dina kurikulum basa, saméméhna kungsi aya anggapan salah kaprah yén teu perlu ngajarkeun katatabasaan (paribasa) ka siswa di sakola. Padahal saréréa geus pada maphum yén katatabasaan téh mangrupa alat pikeun maham jeung maké basa sacara merenah. Antukna pangaweruh katatabasaan remen katotolérkeun, anu tangtuna mangaruhan kana héngkérna kaparigelan ngagunakeun basa. Ku kituna, masih perlu dilakukeun panalungtikan ma'na paribasa Sunda anu diulik ngagunakeun téori semiotik, sangkan ikon, indéks jeung simbol nu nyampak dina paribasa bisa dima'naan deui kalawan leuwih jero jeung jembar.

Ari patalina jeung papasingan paribasa Sunda di sakola, kudu aya uji coba anu leuwih gemet deui kana hasil papasingan ieu paribasa téh, sangkan bisa leuwih nguatan deui kana ulikan ieu panalungtikan. Lian ti éta, sacara praktis guru kudu ngajarkeun paribasa ka muridna kalawan merhatikeun umur jeung kamampuh basa nu dicangking ku muridna. Ku kituna, paribasa nu ngandung kawijakan-kawijakan lokal (*local wisdom*) kudu diwanohkeun ka siswa sangkan bisa ngawewegan kapribadian jeung moral siswa anu positif.

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu